



Individual Responsibility Plan (Plan Responsablite Endividyèl, IRP)

ID JAS	NIMEWO KA
ID KLIYAN	

WorkFirst Individual Responsibility Plan

(Plan Responsablite Endividyèl) pou _____

Mwen konprann:

- Mwen oblije travay, chèche travay, oswa prepare pou travay.
- Mwen dwe patisipe nan aktivite obligatwa yo. Si mwen pa fè sa, mwen pral resevwa yon penalite sof si mwen ka pwouve mwen te gen yon bon rezon. Yo rele sa yo te nan sitiasyon sanksyon WorkFirst.
 - Si mwen pran yon sanksyon, sa vle di:
 - Yo pral redui sibvansyon mwen an 40% oswa yon pati nan yon moun, kèlkeswa sa ki pi gran, OSWA:
 - Mwen p ap kapab resevwa sèvis sipò, sof si mwen reagaje nan WorkFirst.
 - Si asistans lajan kach mwen an redwi akòz sanksyon WorkFirst:
 - Mwen ka bezwen swiv IRP mwen an pou kat semèn nan yon ranje pou mete fen nan sanksyon.
 - Yon fwa mwen fè sa ki nesèsè pou kat semèn nan yon ranje, penalite sanksyon mwen an fini apati premye mwa a apre kat semèn mwen nan patisipasyon.
 - Ka mwen an ka fèmen si mwen rete nan sanksyon pou dis mwa nan yon ranje.
 - Si ka mwen an fèmen akòz sanksyon WorkFirst:
 - Mwen pral bezwen re-aplike epi mwen ka bezwen patisipe pou kat semèn nan yon ranje anvan mwen ka resevwa lajan kach.
- Mwen dwe kolabore ak Division of Child Support (Divizyon Sipò Timoun) pandan m ap resevwa benefis TANF/SFA sof si mwen gen yon bon rezon pou m pa kolabore. Siksè koleksyon sipò pou timoun ka ede m elimine bezwen mwen pou èd lajan kach.
- Mwen ka jwenn sèlman 60 mwa benefis lajan kach TANF/SFA nan tout lavi mwen sof si mwen kalifye pou yon ekstansyon.
- Mwen te itilize _____ mwa avantaj lajan.
- Mwen oblije travay, chèche travay, oswa prepare pou travay. Si mwen pa ka patisipe nan yon aktivite pwograme, mwen pral rele moun nan nan nimewo ki endike anba la a.
- Mwen dwe fè aktivite sa yo pou kantite tan chak semèn ki espesifye anba a:

Si gen yon bon rezon mwen pa ka suiv plan mwen an, mwen dwe kontakte Espesyalis Pwogram/Asye Sosyal mwen an WorkFirst e mwen dwe travay avèk mwen pi vit posib. Gen kèk egzanp bon rezon yo enkli:

- Mwen rate yon randevou akòz maladi oswa echèk inatandi nan gadri oswa transpò mwen;
- Mwen gen yon kondisyon ijans (fizik, mantal, oswa emosyonèl);
- Mwen se yon viktim vyolans famiyal;
- Mwen pa ka jwenn gadri apwopriye ak abòdab nan zòn mwen an pou timoun ki poko gen 13 an;
- Mwen gen yon pwoblèm legal imedyà;
- Mwen gen yon andikap oswa sèten kondisyon e sa te anpeche m kapab ranpli kondisyon pwogram yo; oswa
- Mwen se yon granmoun ki gen yon andikap grav epi kwonik;
- Mwen bezwen lakay mwen pou pran swen yon timoun ki gen bezwen espesyal oswa yon lòt adilt ki andikape;
- Mwen gen 55 an oswa plis epi mwen pran swen yon timoun epi mwen pa paran timoun nan; oswa
- M ap aplike pou SSI ak yon fasilite DSHS.
- Mwen san kay oswa mwen k ap pran swen yon timoun ki san kay.

Si mwen pa dakò ak plan sa a, mwen gen dwa pou mande yon revizyon ka ak/oswa yon Odyans Administratif. Pou mande yon odyans, mwen dwe kontakte Community Services Office (Biwo Sèvis Kominotè) mwen an oswa Office of Administrative Hearings (Biwo Odyans Administratif yo), DSHS, PO Box 42489, Olympia WA 98504-2489, nan lesplas 90 jou apre dat siyati manadjè ka mwen an anba a. Yo resevwa m yon kopi Individual Responsibility Plan (Plan Responsablite Endividyèl) mwen an. Nan odyans lan, ou gen dwa pou reprezante tèt ou, pou w reprezante pa yon avoka oswa pa nenpòt lòt moun ou chwazi. Mwen kapab jwenn konsèy legal oswa reprezantasyon gratis lè m kontakte Konsèy Coordinated Legal Education Advice and Referral (Edikasyon Legal Kowòdone ak Referans, CLEAR) pa:

- Vizite sit yo a <http://nwjustice.org/get-legal-help>;
- Rele 1-888-201-1014 si mwen poko gen 60 an, oswa
- Rele 1-888-387-7111 si mwen gen 60 an oswa plis.

SIYATI MANADJÈ KA	DAT	SIYATI MWEN	DAT
-------------------	-----	-------------	-----

ID JAS	NIMEWO KA	ID KLIYAN	
KONDISYON KONFIDANSYÈL			
<p>Mwen kapab jwenn sèvis sipò pou ede m avanse nan travay mwen, kenbe travay mwen, aksepte yon travay, chèche yon travay, oswa suiv plan mwen an. Si mwen pa dakò ak yon desizyon konsènan sèvis sipò, mwen ka mande pou yon revizyon ka ak/oswa yon odyans. Mwen pral mande Espesyalis Pwogram WorkFirst mwen an/Travayè Sosyal si mwen bezwen sèvis sipò tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Reparasyon machin • Rad • Konsèy • Kouchèt • Depans edikasyon • Ijyèn pèsònèl • Lisans/frè • Koup cheve • Otobis pase • Kilométraj • Zouti pou travay • Planifikasyon familyal <p>Pandan m nan sanksyon, mwen pa ka jwenn sèvis sipò (tankou lajan pou rad travay oswa transpò) jiskaske mwen kòmanse suiv IRP mwen an.</p> <p>Mwen konprann ke, si mwen refize kolabore ak Division of Child Support (Divizyon Sipò Timoun, DCS) san yon bon rezon, sibvansyon mwen an ka redwi. Bon rezon enkli menas mal pou pitit mwen oswa pou mwen. Mwen konprann ke pandan m ap resevwa asistans TANF, yo kenbe nenpòt sipò timoun yo kolekte pou ranbouse eta a.</p> <p>Lè mwen sispann resevwa TANF/SFA, DCS ap kolekte sipò pou timoun epi voye li ba mwen sof si mwen mande yo sispann. Mwen konprann sèvis sipò, sanksyon, ak sipò timoun.</p>			
SIYATI MANADJÈ KA	DAT	SIYATI MWEN	DAT